

# ba yo plis konesans renmen yo plis

Chak moman ou pase ak pitit ou konte. Chante pou pitit ou, li pou li, anbrase li, etabli woutin pou li, koute li lè li vle di w yon bagay oubyen lè li vle yon bagay.

## Fè zanmi/Dezyèm pati: Randevou pou pitit ou jwe ak lòt timoun

Men ki moun ki prepare atik sa a:  
Diane G. Goldman pou fondasyon Peace Education Foundation.



Ou kapab ankouraje kapasite pitit ou pou l fè zanmi epi pou l kenbe zanmi, nan plizyè fason. Li liv ki pale de zanmi k ap jwe ansanm, pale de sa zanmi abitye fè, e lè n montre ki jan zanmi konpòte yo ak lòt zanmi, sa se mwayen ou ka montre pitit ou pou l itilize pou l ka yon bon zanmi.

■ Pitit ou a ka rankontre nouvo zanmi nan diferan kote – nan fanmi ou, zanmi fanmi an, nan sant ak lekòl, kote moun al priye epi sou katye ou.

■ Plis tan ap pase, pitit ou ap gen plis kapasite pou l antre an kontak epi pou l jwe ak lòt timoun. Pa egzanp, jeneralman timoun 2 an jwe bò kote lòt timoun, men yo pa oblije jwe avèk yo. Yo rele sa "jwèt paralèl". Y ap aprann ki jan pou yo fonksyone ak lòt toutotou yo e yo plis enterese anpil fwa nan gade lòt parèy yo olye y al jwenn yo. Timoun 3 an kòmanse fè plis aktivite ansanm epi yo kòdone jwèt y ap fè. Pa egzanp, yo gen dwa bati yon tou ansanm oswa youn ap bay bebe lòt manje. Nan laj 4 an, timoun plis kontan konstwi bon jan konvèsasyon antre yo, yo fè jwèt ki pi konplike ak zanmi yo epi yo chèche konpanyi lòt zanmi plis pase avan. Men tou, plis gen aktivite y ap fè antre yo, se plis sa kab fè gen kont tou antre yo. Timoun jadendanfan renmen rele lòt timoun "zanmi m", yo kòmanse ap admire lòt pou tèl kalite l genyen pou l ta chèf ekip yo ye a, pou tèl karaktè l genyen e menm pou fason cheve l koupe.

■ Sonje yon bagay : jenn timoun kontinye ap aprann ki jan pou yo antann yo vrèman ak zanmi. Yo bezwen pasyans pa w ak èd ou nan moman y ap aprann ki jan pou yo regle ti kont yo gen antre yo, ki jan pou yo pataje yon bagay epi asepte jwe pou chak moun tann tou pa l.

■ Ou kab ede pitit ou fè zanmi epi kenbe zanmi yo fè. Chèche remake lòt timoun ki plis atire pitit pa w la oswa timoun li plis pale de yo epi mande l si l ta enterese al jwe avèk yo.

■ Kontakte paran timoun sa yo, mande ki mwayen ki genyen pou planifye yon randevou pou timoun pa w ak timoun pa yo jwe ansanm. Nou gen dwa deside rankontre sou yon plas oswa nan yon lakou pou jwèt. Ou gen pou konnen lòt paran an epi obsève lè timoun yo ap jwe ansanm nan. Ankouraje yo nan sa; pote ti bonbon pou yo ansanm ak jwèt pou yo pataje. Si yo nan fè kont, kite yo debouye yo pou kont yo pou yo rezoud pwoblèm sa a. Fè yo konnen jan ou apresye sa lè y ap jwe ansanm san pwoblèm.

■ O kòmansman ou dwe sipèvizè randevou pitit ou genyen pou l jwe ak lòt timoun yo depre. Ou kab montre l bon konpòtman zanmi dwe genyen, ede l devlope teknik pou fonksyone nan sosyete epi obsève aktivite l ap fè avèk lòt. Anplis sa, kòm ou menm tou w ap rankontre lòt paran, ou ka vin fè zanmi ak yo tou.

Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann renmen lot moun, se kon sa y aprann rejisi.



## Bous pou paran ak moun k ap gade timoun

Mwa pase a, nou te pale w de konferans enpòtan Eta Florid la òganizasyon "The Children's Trust" ap patwone sou sante mantal tibebe, nan Miami, 21 ak 22 oktòb. Sante mantal tibebe se kapasite timoun soti tibebe fenk fèt rive laj 5 an genyen pou yo grandi, devlope epi aprann nan fason ki ranfòse sante sosyal ak emosyonèl yo, ni endividyèlman ni nan relasyon yo ak lòt moun. Premye ane sa yo detèmine ki jan timoun pral fonksyone nan sosyete a rive jouk lè yo vin granmoun.

Si w ta renmen asiste konferans lan, ou gen tan toujou. Ka gen bous pou frè vwajay ak frè enskripsyon disponib pou paran ak lòt moun k ap pran swen timoun ki soufri kèk andikap nan fason yo devlope. Pou w ka konnen si w kalifye, kontakte Sarah Kitchens, Kòdinatris pwogram pou moun k ap kontinye etidye, nan Miami-Dade AHEC, nan 305-275-5922 oubyen voye kontakte li nan adrès imel sa a [skitchens@mداhec.org](mailto:skitchens@mداhec.org)

Modesto E. Abety  
Prezidan direktè jeneral  
The Children's Trust

### Men sa ki nan ti journal sa a

Pou yon Halloween (Alowin) san aksidan .....	2
Ki jan pou pwoteje fanmi w nan sezon epidemi rim .....	2
Wòlparan yo anvè timoun ki nan laj pou ale lekòl .....	3
Pen ponmkin epise .....	4
Melanj nan Matematik .....	4
Kalandrive Aktivite .....	4



### MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektiyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvi aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti journal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.



ba yo plis konesans renmen yo plis

## Pou yon Halloween (Alowin) san aksidan



Halloween se yon moman eksitasyon ak imajinasyon nan ane a, kote gen aktivite pou kreye yon seri bagay lakay, dekorasyon ak ponmkin ak kostim, eksetera. Men tou moman fèt sa a konn gen danje ladan kote timoun kapab blese, tankou sa machin frape, sa ki bwè bagay ki anpwazonnen, sa ki tonbe oswa ki boule. Kowalisyon pou timoun pa blese ki nan Miami (Injury-Free Coalition for Kids of Miami) rekonèt kle pou evite pwoblèm nan se pran prekosyon anvan zak yo rive. Men kèk prensip pou ou suiv pou ou ka pase yon Halloween amizan epi san danje.

### Kostim (degizman)

- Mete koulè ki bryan sou timoun yo epi ki vizib pou moun k ap kouri machin oswa moto.
- Chèche etikèt ki make "rezistan nan dife" sou kostim degizman yo, mask yo, fo bab yo ak perik yo.
- Chwazi kostim ki byen chita sou yo ; evite kostim ki twò laj k ap trennen.

- Dekore kostim yo ak sa ki gen manje ak tep ki bryan oswa ki klere nan fènwa epitou mache ak flach pou machin ka wè nou epi pou n ka wè nannuit.
- Mete soulye ki bon pou yo pou yo pa tonbe.
- Si w ap itilize mask, ou dwe asire w yo bon pou figi timoun yo, yo pèmèt yo respire byen epi yo wè san pwoblèm ladan yo. Lòt bagay nou ka mete nan plas mask se chapo ak makiyaj ki pa gen pwodui toksik ladan.
- Chwazi epe, koute ak lòt zouti ki fèt sèlman ak materyèl ki soup ki ka pliye fasil.
- Montre pitit ou ki jan pou l telefòn nimewo 9-1-1, si gen yon ijans oswa si l ta pèdi nan foul la.

### Dekorasyon

- Kenbe bouji ak lanp byen lwen kote k gen bagay ki ka pran dife, tankou rido, dekorasyon ak papyè, eksetera. Chèche evite itilize tout bouji yo an menm tan.
- Itilize limyè yo deja teste pou kesyon sekirite epi tcheke yo pou veye sòkèt ki pa bon, ki kraze, fil ki dekalè oswa ki defile, ak koneksyon ki twò lach. Voye tout aparèy ki pa mache nan yon kwen. Pa konekte twòp bagay nan alonj yo.

### Pou koupe ponmkin yo

- Paran yo kapab koupe ponmkin nan. Pèmèt timoun yo desine yon vizaj sou ponmkin nan ak makè.
- Po ponmkin nan, yo dwe plase l sou yon tab solid, kote k pa gen ankenn bagay ki pran dife ki tou pre.
- Pa janm kite yon ponmkin ki limen yon kote san pa gen moun k ap veye.

### Ti kado yo bay timoun pou ankouraje yo

- Fè timoun nan manje yon manje solid ki bay lasante anvan l al ranmase ti bonbon ak sirèt de pòt an pòt.
- Sipèvize sa yo ba li yo byen anvan l kapab manje yo. Tcheke tout pou wè si pa gen ladan yo ki ta gate, sa ki pa vlope oswa ki sispèk.
- Egzamine jwèt yo oswa ti bonbon ak sirèt yo. Ti bagay ki piti yo kapab yon danje ki lakòz timoun piti trangle.
- Sèvi ak ti kado timoun pa ka manje (liv oswa kreyon koulè) pou timoun k ap vin lakay ou.

### Nan katye a

- Al fè "Trick or treat" ak pitit ou, espesyalman sa yo ki gen mwens pase 13 an.
- Pale de konsiy sekirite ak timoun yo, anvan nou fè preparasyon pou Halloween nan.
- Vizite ri ki byen klere ak kay kote limyè limen. Pa janm antre lakay yon etranje ni nan machin li.
- Mache sou twotwa. Kote ki pa gen twotwa, mache sou kote nan bò machin k ap vin anfas ou.
- Travèse lari kote ki gen kalfou epi gade tou de kote yo anvan w travèse. Pa travèse nan wout ki separe gwo bildin, pa egzanp.
- Sonje moun k ap woule machin oswa moto gen dwa pa wè timoun ki degize yo, sitou leswa.
- Toujou mache ak yon pyès idantite ki gen non, adrès, nimewo telefòn ak medikaman ou pran kont alèji ak non manje ou alèji ak yo.


- Mete otorite ki konsène o kouran tout aktivite ki sispèk oswa ki ilegal.

### Moun k ap woule machin ak moto

- Se pou n toujou ap panse ak pyeton sitou, pandan n ap kondi nan moman Halloween.
- Lè n ap antre oswa soti nan yon wout piblik anime oswa nan wout ant gwo bilding yo, se pou n fè atansyon anpil epi ralanti nan katye moun abite.
- Sonje anpil timoun mete rad nwa sou yo e sa kab difisil pou wè yo tousuit leswa.

### Amize n nan moman Halloween nan epi pa bliye, evite aksidan!

Mesaj sa a, se yon mesaj Injury-Free Coalition for Kids of Miami nan Sant medikal inivèsite Miami/Jackson Memorial Medical Center, se plas ofisyèl kowalisyon pou rechèch ak prevansyon kont aksidan. Pou konn plis toujou nan kesyon sekirite lakay ou, timoun k ap jwe, k ap monte bisiklèt, eksetera, vizite sit [www.injuryfree.org](http://www.injuryfree.org) oswa rele nan (305) 243-3928. Pou Sant kontwòl pwazon, rele nan (800)-222-1222. Si ou vle fè rapò pou yon pwodui ki danjere oswa yon aksidan ki pase ki an rapò ak yon pwodui, rele Consumer Product Safety Commission's nan liy 24 sou 24 yo : (800) 638-2772 oswa ale sou sit [www.cpsc.gov/talk.html](http://www.cpsc.gov/talk.html). Kote enfòmasyon yo soti : The U.S. Consumer Product Safety Commission; American Academy of Pediatrics, 2003, the Injury-Free Coalition for Kids of Pittsburgh.



## Ki jan pou pwoteje fanmi w nan sezon epidemi rim

Men kote ki prepare enfòmasyon sa a: Kiwanis Club

Tout klib Kiwanis ki nan Etazini mete ansanm ak depatman sante ansanm ak lòt òganizasyon pou ankouraje vaksinasyon kont rim non sèlman pou timoun laj 6 mwa rive 23 mwa, men tou pou paran yo, granparan yo ak moun ki abitye ba yo swen.

Paske se timoun laj 6 a 23 mwa ki plis gen chans pou entènè lopital pou kesyon rim, Akademi ameriken Pedyatri (American Academy of Pediatrics) rekòmande pou vaksinen tout timoun ki nan gwoup laj sa a. Toujou gen vaksen kont rim yo bay anplis vaksen regilyè ki prevwa pou bay timoun nan de premye lane apre yo fèt.

Timoun ki gen mwens pase 6 mwa gen plis chans pou tonbe nan lòt maladi rim ka koze. Vaksen yo gen kont maladi rim kounye a, Administrasyon federal pou medikaman (Federal Drug Administration - FDA) apwouve l pou yo sèvi avè l sèlman pou timoun ki gen plis pase 6 mwa. Se pou sa li enpòtan pou vaksinen tout moun nan fanmi pitit ou ak moun k ap ba l swen, pou kab redui tout posibilite ki genyen pou maladi rim nan ta simayen.

Akòz danje ki genyen pou ta gen plis komplikasyon, tout fi ansent dwe vaksinen lè gen epidemi rim. Vaksinasyon an ka fèt nenpòt ki moman pandan gwosès la. Vaksen sa a pa aji ditou sou sante manman k ap bay pitit tete, e vaksen an pa ka bay pèsonn rim nan.

Rim sa a se pa sèlman yon senp move grip. Li kab tounen yon epidemi grav e l ka menm lakòz lanmò nan epòk li antre sou moun, ant mwa oktòb rive jis nan sezon prentan.

Si w ta gen kesyon konsènan vaksinasyon oswa sante pitit ou, pale sa ak responsab swen sante pitit ou a.



## MISYON NOU:

Amelyore lavi tout timoun ak fanmi yo k ap viv nan Miami-Dade County ak bon jan envestisman nan lavi yo jodi ki kab ede yo demen.



## Lè konpòtman inatandi yon adolesan genyen kapab yon siy depresyon

Se pa granmoun sèlman ki konn fè depresyon. Sa konn rive timoun ak ti adolesan tou. Laj adolesan se moman timoun nan gen anpil emosyon, move jan, l ap egzaminen tèt li, nenpòt bagay ka tounen yon dram pou li paske l sansiv anpil – epitou se laj pou timoun nan fè rebèl epi l ap fè eksperyans sèten konpòtman. Sa ki kòm yon defi pou paran ak pedyat, se rive fè diferans ant etap devlopman nòmal ak kèk siy grav depresyon ki kapab anpre nan fonksyonman nòmal li.

Dapre kèk etid ki fèk fèt, gen plis pase 20% adolesan ki gen pwoblèm emosyonèl, e gen apeprè 5% timoun ak adolesan ki soufri depresyon nan yon moman done. Timoun ki anba estrès, sa ki gen lanmò nan fanmi yo, ak sa ki gen pwoblèm aprann, pwoblèm konpòtman pwoblèm pou yo pòte atansyon a yon bagay, ak pwoblèm ki ba yo kè sote, timoun sa yo gen plis chans pou yo fè depresyon. Gen kèk bagay ki lakòz gwo estrès, tankou divòs, zizani ant paran oswa ant manm fanmi an, move dezans natirèl tankou siklòn, ak abi fizik oswa seksyèl, tout bagay sa yo kapab trennen depresyon kay timoun. Yon paran oswa yon zanmi pwòch ki ta

touye tèt li kapab reprezante yon lòt gwo danje pou timoun nan pran depresyon. Lè fini, depresyon an gen tandans pou l layite nan mitan fanmi yo.

Konpòtman timoun ak adolesan ki fè depresyon kapab diferan de konpòtman granmoun ki fè depresyon. Sikyat pou timoun ak adolesan mande paran yo pou rekonèt siy depresyon ki ka prezante lakay ti jèn sa yo.

### Dapre Akademi ameriken pou sikyatri timoun ak adolesan, si youn oswa plizyè nan siy depresyon pi ba yo pèsiste, se pou paran yo mande konkou:

- Timoun nan tris souvan, li renmen kriye, li renmen rele.
- Sanble l dezespere.
- Li pa enterese fè yon seri aktivite oswa li vin pa kapab amize l menm nan aktivite li te konn renmen fè.
- Li gen yon parès ki pèsistan. Li pèdi enèji.
- Li toujou rete apa. Li pa renmen kominike ak moun.
- Li pa gen twòp twòp konfyans nan tèt li, li santi l koupab.
- Li sansiv anpil lè yo pa asepte yon bagay li fè oswa lè l echwe nan yon bagay l ap fè.
- Li fache souvan, fè kont ak moun chak jou pi plis.
- Li gen difikilte kenbe bon jan rapò ak lòt.

- Toutan l ap plenyen kò l pa bon, tankou li gen mal tèt oswa vant fè mal.
- Li absan souvan lekòl oswa li pa bay bon ranman lekòl.
- Li pa gen ase konsantrasyon.
- Gen yon gwo chanjman ki fèt nan fason li te konn abitye manje oswa dòmi.
- Swa l ap di li vle pati kite kay li oswa l tante fè sa.
- Li kab gen panse pou l touye tèt li oswa l panse sa, epi l fè sa l kapab pou l detwi tèt li.

Yon timoun ki abitye jwe toutan ak zanmi l epi ki deside pase pi fò tan l pou kont li kounye a epi ki pa enterese nan anyen. Bagay ki te konn amizan anpil vin pa menm ka mete kè kontan lakay yon timoun ki fè depresyon. Timoun oswa adolesan ki toujou nan pwoblèm, k ap pran dwòg oswa k ap rate jou lekòl, yo menm tou gen dwa se depresyon yo fè. Kòm ti jèn sa yo kapab parèt yo plis an kòlè pase yo tris, ni paran ni pwofesè gen dwa pa reyalize move konpòtman yo se yon siy depresyon. Lè yo poze timoun sa yo kesyon dirèk dirèk, yo kab fè konnen kèk fwa yo pa kontan oswa yo tris.

Timoun ak adolesan ki fè depresyon gen dwa di yo vle mouri oswa yo vle pale de touye tèt yo. Gen plis ti adolesan ki tante touye tèt yo pase sa ki reyisi, se sa ki fè gen yon tandans pou yo konsidere ti esèy ki fèt nan sans sa a, kòm si se atansyon timoun yo ap chèche atire sou yo epi se yon bagay ki pa gen twòp enpòtans. Doktè Judy Schaechter di : " Sa a se yon erè ". Li se asistan pwofesè pedyatri nan Inivèsite Miami epi li se manm komite direksyon The Children's Trust. "Tout konpòtman moun ki bezwen touye tèt yo se yon demann èd e se bagay nou dwe pran o serye."

Lè yo detèmine pwoblèm timoun nan bonè epi yo fè tretman pou li se bagay ki enpòtan anpil pou timoun ki fè depresyon. Depresyon se bagay moun kab trete, men sa mande èd yon pwofesyonèl. Nan yon tretman ki detaye pou bagay sa a, nou ka jwenn terapi ni pou yon grenn moun diferan ni pou yon fanmi konplè. Sou yon nòt ki pozitif, paran yo dwe santi yo alèz lè yo konnen majorite depresyon ti jèn konn fè, se bagay yo ka geri depi gen swen doktè ak sipò fanmi an. Men tou, si yo jije depresyon yon timoun fè deja rive lwen oswa si paran yo panse gen pawòl touye tèt nan koze a, paran yo ta dwe mande pou yo refè yo bay yon espesyalis sante mantal ki pi kalifye.



# Kèk lide sou afè manje

## Pen ponmkin epise

Resèt sa a soti nan Healthy Homestyle Cooking. Se Evelyn Tribble, M.S., R.D ki prezante l. Evelyn se yon espesyalis nan prepare resèt ki ede fanmi ret an sante epi ki gen bon gou. Liv li a chaje ak gran resèt anpil moun deja konnen kote li refè yo yon fason ki pi bon pou lasante.

Timoun ou yo kab ede w lè w ap mezire, brase oswa ajoute engredyan. Pandan tout bagay sa yo ap kuit sou dife, bon sant epis yo ap plen kay la.

### Engredyan yo

- 1/4 tas farin
- 1 tas sik krèm
- 1 ti kiyè kanèl pile
- 1/4 ti kiyè miskad pile
- 1/8 ti kiyè lay pile
- 1 tas ponmkin ki sot nan bwat konsèy
- 3 ti kiyè pire pòm ki pa sikre
- 1/3 tas nwa ki koupe an ti moso
- 3/4 tas plen ak farin ble
- 1 ti kiyè bikabonat
- 1/4 ti kiyè poud elevasyon
- 1/8 ti kiyè jenjanm pile
- 4 blan ze
- 1/2 tas krèm lèt
- 2 ti kiyè siwo kann



Mete fou a chofe rive 350 degre. Grese yon plato pen 8" x 4" x 2" epi mete l sou kote.

Mete tout engredyan sa yo nan yon gwo bòl laj, farin frans, farin ble a, sik krèm nan, bikabonat la, kanèl la, poud elevasyon an, miskad la, jenjanm nan ak lay la epi melanje yo ansanm. Ajoute blan ze yo, ponmkin nan, krèm lèt la, pire pòm nan ak siwo kann nan.

Mete tout nan yon blennè epi fè l travay sou yon vitès ki ba, jistan yo byen melanje, epi mete vitès ki pi wo pou 2 minit kon sa. Brase nwa yo.

Vide tout nan plato ki te prepare pou sa a. Mete yo tout kuit pandan 55 a 65 minit oswa jiskaske ou pike l nan mitan ak yon kidan, epi ou retire l ou wè l soti tou pwòp. Kite pen an frèt nan plato a pou 10 minit. Epitou retire l epi mete l frèt nèt nan yon lòt veso anvan w kòmanse koupe l an tranch. **Fè 12 moso.**



**Chak moso ap gen: 199 kalori**

## Patisipe Nan ti Journal sa a

### Voye:

foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. • Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. • Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

### Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation  
3250 SW Third Ave.,  
Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

### The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak United Way Success by 6 (305-860-3000)

De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Miami-Dade School Readiness Coalition) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèviz pwogram entèvasyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami Dade County.

Se mesye Paula Bender ki pral dirije kowalisyon an (305-646-7225).

### Editè ti journal sa a se:

Ana de Aguiar  
(305-646-7230)

### Moun ki nan komite

### revizyon journal sa a se:

Dr. Debbie Glasser



# Kwen Atis

## Melanj nan Matematik

Men ki moun ki prepare atik sa a: Kristin Read ki Miami Children's Museum's Early Childhood Center.

Timoun preskolè ki toujou okipe renmen jwe anpil ak melanj pat a modle pou fè fòm ak melanj koulè. Pwochè fwa pa kanpe melanj lan ! Touse manch chemiz ou, mete avèk elèv preskolè ou ki vle jwe a epi pran plezi w. Pitit ou a ap twò kontan rete an konpayi ou e l ap tou aprann kèk leson.

Kòmanse ak 4 pyès pat a modle : wouj, ble, jòn ak blan (koulè prensipal yo plis youn ki pi pal). Pale

sou ki fason yo konn fòme yon nouvo koulè, lè w melanje de ansanm. Ankouraje pitit ou a pou l pran de koulè epi pou l devine ki sa yo ka bay apre yo melanje. Lè w ap ajoute koulè oswa lè w ap wete koulè, sèvi ak mo tankou "plis" oswa "mwens" pou ka ede pitit ou kòmanse rekonèt konsèp matematik ak vokabilè yo itilize nan domèn matematik. Kesyon sa yo ap ede nou fè yon premye pa:

Adisyon	Soustraksyon	Mezi
<p>Ki sa k ka rive si n:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>■ Mete yon pyès ki ble ak yon pyès ki wouj ansanm?</li> <li>■ Ajoute plis wouj nan varyete koulè mov sa a?</li> </ul>	<p>Ki sa k ka rive si:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>■ Nou melanje pi piti kantite jòn ak ble a?</li> <li>■ Nou separe boul vèt sa a an de?</li> </ul>	<p>Ann eseye:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>■ Melanje sèlman yon ti kantite (oswa yon pakèt) wouj ak jòn sa a.</li> <li>■ Ajoute blan nan koulè oranj sa a pou l ka vin pi pal.</li> </ul>

Lè n ap prezante materyèl travay atistik bay timoun pitit, toujou fè yon jan pou gen granmoun k ap sipèviz yo epi asire n materyèl sa yo bon pou laj timoun nan.



## Kalandrive Aktivite

**NOU ENVITE W!**

Nan sware gratis pou vizite mize Miami Children's Museum

15 Oct. , 19 Nov. ak 17 Des.

6:30 – 8:30 p.m.

Vin fè yon sèl avè n chak twazyèm vandredi nan yon mwa, epi amize w ak yon seri aktivite nan Miami Children's Museum, tankou glise nan Chato Rèv twa etaj nou an. Adrès Mize a se 980 MacArthur Causeway, Miami. Pou pi plis enfòmasyon, rele nan 305-373- 5437.



3250 SW Third Ave.  
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT  
ORG.  
U.S. POSTAGE  
PAID  
MIAMI, FL  
PERMIT #5665